

# **Dwa Moun k ap vin nan yon Motèl, Otèl, oswa yon Chanm Kay**



**Legal Services of Greater Miami, Inc.**

**Pwojè Dwa Lokatè**

## **KISA KI YON “REZIDANS” TANPORÈ?**

Rezidans/sejou pasaje fèt lè yon moun gen entansyon pou w okipe yon lojman sou yon baz tanporè, nòmalman pou mwens pase 30 jou.

Yon sejou tanporè lè kote w ap viv la se pa sèl rezidans kote moun nan rete. Pa egzanp, si ou gen tan genyen yon adrès pèmanan epi ou deside lwe yon chanm lotèl pou yon semèn, sa vle di ou se yon okipan tanporè.

## **DWA YON OKIPAN TANPORÈ**

Si ou se yon okipan tanporè, ou gen dwa pou w rete nan lojman depi ou peye lwaye a. Lwa Florida § 509.401, yon motèl oswa yon lotèl kapab re pran posèsyon lojman an si okipan an fè anpil tan li pa peye. Sa vle di lotèl la kapab klete w deyò nan lojman an paske ou pa peye, san li pa oblije ale nan tribinal avè w. Pandan ou deyò, lotèl la dwe kite w ale pran tout bagay ou genyen nan lojman ki enpòtan pou lasante ou. Lè ou fin peye, lotèl la dwe kite retounen antre andan lojman an.

Selon lwa § 509.141 ak 509.142 nan Florida, yon lotèl kapab refize kite w rete landan li pou nenpòt ki rezon EKSEPTE pou rezon ki gen pou wè ak ras, kwayans ou, koulè po w, seks, andikap fizik ou, oswa peyi kote w soti. Tout okipan ki ta rete oswa ki ta eseye rete nan yon etablisman pou pasaj tanporè lè yo fin di l pou li ale, koupab yon deli dezyèm degre kidonk yo kapab arete ou.

## **KISA KI YON SEJOU KI “PA TANPORÈ”?**

Yon sejou ki pa pasaje se lè yon moun gen lentasyon pou li rete nan yon lojman pou lontan, nòmalman pou plis pase 30 jou.

Sa vle ke, lè yo itilize lojman sèlman pou yon klyan kapab rete landan li, sejou a pa tanporè. Pa egzanp, si ou deside pou w rete nan yon lotèl epi ou pa genyen lòt kote pou w viv, yo kapab panse ou se yon okipan ki pa tanporè.

## **DWA YON OKIPAN KI PA TANPORÈ**

Chapit 83, pati II nan Lwa Florida pou Pwopriyete ak Lokatè pwoteje yon okipan ki pa tanporè yo. Epi tou, etablisman an dwe soumèt yon bon demand eviksyon nan tribinal Konte a epi genyen pwosè a pou yo kapab mete yon okipan deyò, sa ki diferan pou okipan tanporè yo. Sepandan, anpil lotèl, motèl ak kay ki bay chanm pou vini pa swiv lwa sa kidonk y’ap trete ou tankou yon “klyan lotèl tanporè”, pa tankou yon lokatè.

Yon lotèl pa kapab klete yon okipan deyò, ni koupe kouran ak dlo li. Yo konsidere sa yon pratik ki entèdi selon lwa § 83.67 nan Florida. Sepandan, si lotèl la fè bagay sa yo kan menm, okipan gen dwa depoze yon plent kont li pou twa fwa kòb lwaye oswa domaj, kelkeswa sa ki pi wo an, an plis frè ak sale avoka, pou chak ensidan.

## **DISKRIMINASYON**

Si ou santi yo fè diskriminasyon kont ou, ou kapab soumèt yon plent kont diskriminasyon nan Komisyon Relasyon Moun nan Florida, lè ou rele nan nimewo 850-488-7082. Fòk yo resevwa plent nan 365 aprè diskriminasyon an.

Pou plis enfòmasyon, alel nan: [http://fchr.state.fl.us/complaints\\_1/public\\_accommodations](http://fchr.state.fl.us/complaints_1/public_accommodations).